




# **METE W PRÈ POU UMD:**

## **YON GID PREPARASYON POU IJANS**



OFFICE OF  
EMERGENCY MANAGEMENT  
& BUSINESS CONTINUITY

Vizite nou sou [prepare.umd.edu](http://prepare.umd.edu)



# NIMEWO TELEFÒN ENPÒTAN

## SEKIRITE

Lapolis, Ponpye ak Medikal.....911 oswa 301-405-333 (Ijans)  
301-405-3555 (ki pa Ijans 24/7)

Sèvis Shuttle-um ak NITE Ride.....301-314-3687

Sèvis Eskòt a pye disponib 24 sou 24.....301-405-3555

## SANTE AK BYENNÈT

Sant Èd (Konsèy Lòt Moun ap Ba w).....301-314-435 (ÈD)

Liy pou Ede Victim Asèlman Seksyèl yo (disponib 24 sou 24)  
.....301-741-3442

Sant Sante Invèsitè.....301-314-8184

Liy Enfimyè ki Disponib Aprè Lè Biwo.....301-314-9386

Sant Konsèy Invèsitè.....301-314-76 51

## SÈVIS SOUTYEN

Enfòmasyon Jeneral konsènan Kanpis la.....301-405-1000

Soutyen Enfòmatik .....301-405-1500

## ETABLISMAN AK OPERASYON SOU KANPIS LA

Sant Repons Kliyan Etablisman yo.....301-405-2222

Sant Sèvis pou Etablisman Rezidansyèl.....301-314-9675  
(TRAVAY)

Liy pou Nèj.....301-405-7669 (NÈJ)

SI W WÈ YON  
BAGAY DI L!

Rapòte konpòtman ak/oswa  
bagay ki sispèk bay Polis UMD a  
nan 301-405-3333 oswa 911



# KONSEY POU SITIYASYON IJANS

Ou ka gen ijans sanzatann. Suiv ti konsèy sa yo pou w rete pare.

- Toujou mache ak kat Idantifikasyon Inivèsite ou a.
- Aprann konnen eskalye sekou ki pi pwòch ou yo, twous premye swen, ak AEDs\* ki nan batiman ou frekante yo.
- Pandan yon ijans, kontwole telefòn ou epi prepare w pou w suiv enstriksyon yo jan inivèsite a bay yo a.
- Konnen kote telefòn ijans Blue Light yo twouve yo. Vizite [maps.umd.edu](http://maps.umd.edu) epi klike sou Layers (Kouch), ansuit klike sou Public Safety (Sekirite Biblik) epi tcheke bwat ki akote Telefòn Ijans lan.
- Konnen ki kote pou w abrite w nan ka kote yo anonse move tan. Konsilte seksyon “Shelter in Place” (abri sou plas) la pou w kapab jwenn konsèy.
- Konsève yon kopi nan tout dokiman enpòtan yo, kat idantifikasyon, kle rezèv, ak lajan kach nan yon espas ki sekirize, ki fasil pou w jwenn.
- Telechaje Aplikasyon UMD a pou w gen enfòmasyon ijans yo a dispozisyon w.
- Mete enfòmasyon kontak manm fanmi w, founisè medikal, ak pèsonèl ijans yo ajou nan telefòn mobil ou a.
- Fè yon twous ijans! Konsilte seksyon “Build an Emergency Kit” (prepare yon Twous Ijans) lan, pou w aprann kijan pou w prepare youn.

\* AED siyifi defibrilatè ekstèn otomatik



# PREPARE YON TWOUS IJANS

Konsève yon twous ijans ki gen atik sa yo ladan I, yon kote ki fasil pou w jwenn lakay ou.

- Twous premye swen debaz ki gen ladan medikaman pèsonèl ak pwodwi iijyèn
- Chajè telefòn mobil/bakòp
- Dlo (2-3 boutèy pou bwè ak pou iijyèn)
- Manje ki p ap gate (pwovizyon pou 2 jou)
- Flach ak pil rezèv

## POU MOUN KI GADE BÈT

Ajoute atik sa yo nan twous ou a:

- Kòd, kolye ki gen etikèt pou identifye bêt la, ak anè
- Foto enprime bêt ou a, sizoka li ta pèdi
- Dlo, manje, ak bòl pou l manje

## POU FANMI

Ajoute atik sa yo nan twous ou a:

- Yon lis ki ajou, ki gen ladan I manm fanmi ak doktè ou ka kontakte nan yon sitiyasyon ijans
- Zafè timoun yo (liv, jwèt, ak puzzles)
- Dokiman enpòtan fanmi an tankou sètifikasi nesans

Ou vle aprann plis sou  
twous ijans yo?  
Vizite Ready.gov/kit



# AKSÈ AK BEZWEN FONKSYONEL YO

Yon refleksyon konsènan kòman w ka kite yon espas oswa abrite w sou plas pandan yon sitiayson ijans ka pwofitab ak tout moun.

- Pou chak batiman ou frekante, idantifye sòti sekou yo ak yon espas ki toupre asansè yo oswa kaj eskalye fèmen yo nan chak etaj nan batiman an yon fason pou w kapab tann èd pèsonèl ijans yo.
- Mande yon zanmi, kamarad, oswa vwazen w pou akonpanye w nan yon sitiayson ijans. Presize ki tip èd ou gen bezwen.
- Panse ak nenpòt atik ki ka sèvi w kòm yon sipò itil nan twous ijans pèsonèl ou a.
- Prepare w pou w kite yon batiman an ijans pandan w gen mwayen komunikasyon ak nimewo kontak pou w endike pèsonèl ijans yo pozisyon w.

\* Endividji ki gen pwoblèm mobilite tanporè (egzanp, moun ki sou beki yo) ta dwe anvizaje suiv konsèy sa yo, yon fason pou yo kapab prepare pou yon sitiayson ijans. \*





# METE W PRÈ POU UMD

Yon ijans ka rive a nенпòt moman, avèk oswa san avètisman. Suiv etap sa yo pou w prepare w pou UMD:

## KENBE TWOUS IJANS OU A DISPONIB

**LAKAY OU:** Chwazi yon kote pou w mete twous sa a, yon kote ki fasil pou w jwenn. Asire w tout moun lakay ou konnen kote w mete l la!

**NAN MACHIN OU:** Konsève materyèl pou ijans nan machin nan; sizoka ou ta bloke oswa ou bezwen kite machin nan an ijans.

\* Sonje fè antretyen nan twous ijans ou a pou asire w li toujou pare, pandan w ap ranplase atik ki ekspire yo epi mete yo ajou selon evolisyon bezwen ou. \*

## FÈ YON PLAN

Prepare yon twous ijans endividyle oswa familyal.

Kreye yon plan ijans. Poze tèt ou kesyon:

- Kijan m ap resevwa alèt ijans yo?
- Ki plan abri mwen genyen?
- Ki kote m ka fè pou m sòti an ijans?
- Ki plan komunikasyon mwen gen nan fwaye mwen?
- Èske m dwe refè twous ijans mwen an?

Kominike epi pataje plan sa nan fwaye ou.

## RETE ENFÒME

- Dekouvri danje lokal yo ak pi bon mezi ou ka pran pou w pwoteje tèt ou sou prepare.udm.edu oswa sit entènèt Jesyon ijans kominote ou a.
- Konnen kijan ak ki kote pou w jwenn bonjan enfòmasyon anvan ak pandan yon sitiayson ijans.
- Anvizaje pran yon kou sou CPR ak kòman pou w bay Premye Swen.



# PÀN KOURAN

Yon pàn kouran ka dire plizyè èdtan oswa plizyè jou menm. Suiv konsèy ki anba yo pou w rete an sekirite!

- PA itilize asansè.
- Deploge tout aparèy yo pou w evite yon chòk elektrik.
- Li entèdi pou yon moun limen balèn nan koulwa rezidans inivèsite a.
- PA sèvi ak dife oswa flanm dife kòm yon sous limyè.
- Sèvi ak flach epi itilize flach telefòn selilè ou a sèlman lè sa vrèman nesesè, yon fason pou w konsève chaj la.
- Kite pòt frijidè ak pòt frizè yo fèmen, yon fason pou manje yo ka rete fre.
- Nan moman tanperati a frèt, mete plizyè rad, yon fason pou w rete cho.
- PA itilize yon fou kòm sous chalè, yon fason pou w pa ekspoze ak monoksid kabòn.
- Prepare yon twous kont pàn kouran avèk yon flach, pil rezèv, chajè telefòn mobil, radyo ijans. Panse ajoute yon jwèt kat kòm amizman.

OU BEZWEN RAPÒTE YON PAN  
KOURAN NAN KANPIS LA?

Jesyon Etablisman an

(301) 405-2222

Etablisman rezidansyèl yo

(301) 314-9675



# ABRI SOU PLAS

Pou kèk ensidan tankou move tan, ou plis an sekirite lè w rete andedan kay. Suiv etap ki anba yo, lè yo di ou chèche yon abri sou plas.

- Rete andedan kay la epi ale nan yon ti chanm ki pa gen okenn fenèt oswa nan yon anba lakay/yon pi ba nivo. Si ou te deyò, antre nan batiman ki pi pre w la.

*\* Ankouraje lòt moun yo suiv ou, men pa mete tèt ou an danje si yo pa deside fè sa. \**
- Pa rete tann jiskaske danje a prezante fizikman pou w reyaji.
- Fèmen tout pòt ak fenèt.
- Rele oswa voye yon mesaj tèks bay moun ki deziyen pou w kontakte nan sitiyasyon ijans yo pou w enfòme yo konsènan pozisyon w ak sekirite w.
- Siveye alèt UMD yo, komunikasyon ofisyèl invèsite a, ak TV oswa radyo pou w kapab jwenn konsèy adisyonèl. Rete tann pou pèsonèl ijans yo bay yon otorizasyon ofisyèl anvan menm ou kite espas kote w ye a.

## OU BEZWEN ABRITE W NAN MACHIN OU?

Si move tan an tèlman grav li ba w difikilte pou w kondi, li pi pridan si w pakin machin nan. Si ou pa kapab antre andedan kay la byen rapid epi san danje, swiv konsèy sa yo:

- Lokalize yon kote ki san danje pou w pakin. Etèn motè a.
- Koute radyo (WTOP 103.5FM) epi verifye telefòn ou pou w konnen dènye enfòmasyon ak enstriksyon yo.
- Rete nan machin ou jiskaske ou resevwa yon otorizasyon ofisyèl nan men pèsonèl ijans yo.
- Menm aprè ou fin resevwa yon otorizasyon ofisyèl, kontinye koute radyo a epi suiv enstriksyon otorite yo.

NÒT: Nan ka kote gen yon tònad, li pi pridan pou w abrite w anba machin nan olye de anndan machin nan.



# MOVE TAN

**Gade:** Kondisyon an posib - kontinye siveye.

**Avètisman:** Kondisyon an rive oswa ap rive nan pa lontan - PRAN MEZI KONT SA.

\* Siveye Alèt UMD yo ak lòt konsèy ofisyèl inivèsite a bay. \*

## Inondasyon Britsoukou



- Chèche yon mòn oswa yon etaj ki wo nan yon batiman.
- Pa kondi pandan yon inondasyon. Yon dlo ki gen yon dimansyon ki se yon pye epi ki an mouvman sifi pou bwote machin ou an ale avèl.
- Pa mache nan dlo a pandan yon inondasyon, sa ka kontamine w oswa li ka gen yon kouran elektrik ladan.

## Konsèy Pou Moman Chalè



- Rete idrate.
- Limite aktivite ou fè deyò nan maten oswa aswè yo.
- Mete rad ki lejè epi ki pa sere w.

## Siklòn



- Prepare manje ak dlo pou plizyè jou.
- Si sa posib, ale refijye nan yon abri oswa yon anba lakay.
- Rete lwen fenèt ak pòt an vit yo.

## Loraj




- Lè loraj ap gwonde, antre andedan kay! Antre anndan yon batiman oswa yon machin ki gen plafon.
- Fè atansyon ak fil kouran ak pyebwa ki tonbe yo.
- Pa kondi pandan yon inondasyon. Yon dlo ki gen yon dimansyon ki se yon pye epi ki an mouvman sifi pou bwote machin ou an ale avèl.
- Pa mache nan dlo a pandan yon inondasyon, sa ka kontamine w oswa li ka gen yon kouran elektrik ladan.



## Tònad

- Ale nan yon espas ki piti, ki pa gen fenèt, oswa ki fèt pou pwoteje moun kont tònad.
- Antre anba yon tab oswa yon mèb ki lou.

## Tanpèt Nan Sezon Ivè



- Rete andedan kay.
- Mete plizyè rad si ou gen pou w soti.
- Evite kondi; si ou oblige kondi, itilize mwayer prekosyon siplemantè.



# EVAKYASYON

Gen plizyè rezon ki ka lakozi ou oblige kite yon espas an ijans, tankou yon dife oswa lòt danje ki menase sekirite yon moun.

- Patisipe nan tout egzèsis ijans yo - pa pran yo pou jwèt epi trete chak alam tankou se te yon sitiyasyon ijans toutbon vre.
- W ap resevwa enstriksyon pou w kite batiman ou a an ijans (egzanp, gras ak alam ensandi a, sekouris yo, oswa anplwaye rezidans lan).
- Pa panike lè gen ijans pou w kite yon batiman, epi ranmase zafè ou yo sèlman si sa pa reprezante yon danje.
- Kite espas la pandan w ap itilize sòti an ijans ki pi pre w la, epi fèmen nenpòt pòt ou fin soti ladan l.
- Ankouraje lòt moun yo kite espas la epi ale dirèkteman nan pwen rasanbleman yo deziyen an. Se yon espas rasanbleman ki andeyo batiman an.
- Asire w tout koulwa yo libere pou sekouris yo.
- Swiv enstriksyon pèsonèl ijans yo bay yo epi antre nan espas la ankò sèlman lè yo ba w enstriksyon pou sa.

\* SONJE: PA itilize asansè pandan w  
oblige kite yon espas an ijans akoz  
ensandi. \*

## ÈSKE'W TE KONNEN:

Prensipal koz ki toujou mennen ensandi yo se, fè manje, chofaj, ak pwoblèm elektrik. Genyen yon alam ensandi ki fonksyonèl diminye a 55% risk pou w mourir nan yon ensandi. Prepare w pou w kite espas la an ijans!



# TIRÈ AKTIF

Sonje twa etap sa yo: KOURI. KACHE. GOUMEN.

## KOURI

- Premye ensten ou ta sipoze di w kouri. Si w kapab, sòti nan batiman an avèk pridans. Kite zafè ou yo.
- Lè w rive yon kote ou an sekirite, rele 911 epi sonje di ajan an, ou fè apèl sa a nan kanpis Inivèsite Maryland lan. Ou ka itilize aplikasyon UMD Guardian lan tou.

## KACHE

- Si w remake kouri a p ap bon, kache.
- Fèmen pòt la. Etèn limyè yo. Si ou kapab, itilize yon kòd pou w plis sekirize pòt la. Mete aparèy elektwonik ou a (yo) sou silans.
- Si ou pa ka jwenn yon chanm kote w ap an sekirite oswa yon klozèt, kache dèyè yon objè ki laj kote asasen an p ap wè w. Rete lwen pòt ak fenèt yo.

## GOUMEN

- Kòm dènye rekou, prepare w pou w goumen.
- Itilize nenpòt bagay ki nan chanm nan ki ka sèvi kòm yon zam (pa egz. ekstenktè dife) pou w dezoryante moun k ap tire a avan, epi batay avè l jiskaske lapolis vini.



Eskane kòd QR la pou w aprann plis ansanm ak lapolis UMD a sou kijan pou w reyaji an prezans yon moun k ap tire

# ÈSKE OU PARE POU UMD?

## Fè sa yo pou w rete prepare!




TELECHAJE APLIKASYON  
UMD A POU TOUT  
ENFOMASYON SOU  
SEKIRITE



KONNEN DANJE KI  
NAN LOKALITE OU A



RASANBLE YON  
TWOUS IJANS



KREYE EPI PRATIKE  
PLAN IJANS OU AN




ENSKRI POU ALÈT  
IJANS YO



SEKIRIZÉ DOKIMAN  
ENPOTAN YO



TELECHAJE  
APLIKASYON  
GUARDIAN LAN POU  
EDE W AK SEKIRITE W  
SOU KANPIS LA



KONNEN SÒTI AN  
IJANS YO



KOLEKTE EPI METE AJOU  
KONTAK MOUN OU KA  
KONTAKTE NAN KA IJANS YO



OFFICE OF  
EMERGENCY MANAGEMENT  
& BUSINESS CONTINUITY

Vizite nou sou [prepare.umd.edu](http://prepare.umd.edu)